**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–30.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ कहलनि जे जँ महिला लोकनिक विकास मे भागीदारी नहि होयत तऽ देश वांछित विकास प्राप्त नहि कऽ सकत। उपराष्ट्रपति आइ दिल्ली मे आयोजित एक कार्यक्रमक दरमियान कहलनि जे विकसित भारतक निर्माण मे महिला सभक महत्वपूर्ण भूमिका अछि। ओ कोलकाता दुष्कर्म आ हत्याक घटना पर दुख प्रकट करैत कहलनि जे जतऽ महिला आ कन्या सभ सुरक्षित महसूस नहि करैत छथि ओ समाज सभ्य समाज नहि अछि। श्री धनखड़ कहलनि जे भारत एक परिपक्व, परिष्कृत आ औपचारिक अर्थव्यवस्था बनबाक दिशा मे तेजी सँ आगां बढ़ि रहल अछि। उपराष्ट्रपति कहलनि जे शौचालययुक्त घर, रसोई गैस कनेक्शन आ नल सँ जल कनेक्शन एहेन आधारभूत सुविधा सँ लोक सभक जीवन स्तर मे सुधार भेल अछि।

———————————————————————————

केन्द्र सरकार पेंशन भोगी सभक लेल प्रक्रिया के सरल बनेबाक लेल आइ एकल सरलीकृत पेंशन आवेदन पत्र जारी कयलक अछि। केन्द्रीय मंत्री जितेन्द्र सिंह नव दिल्ली मे एकर प्रारंभ करैत कहलनि जे सरलीकृत पेंशन आवेदन पत्र आ इएचआरएमएस के संग भविष्यक डिजिटल एकीकरण सँ पेंशनभोगी सभक लेल प्रक्रिया के सरल बनेबा मे मददि भेटत। कार्मिक आ प्रशिक्षण विभागक सचिव विवेक जोशी कहलनि जे नओ पेंशन फॉर्म के मिला देल गेल अछि आ एक नव एकल फॉर्म बनाओल गेल जे पेंशन प्रक्रिया सरल बनाओत। पेंशन विभागक सचिव वी.श्रीनिवास कहलनि जे इएचआरएमएस के संग भविष्यक एकीकारण सँ पेंशन भोगी सभक द्वारा पेंशन आवेदन के वास्तविक समय पर ट्रैकिंग संभव भऽ सकत। ओ कहलनि जे पेंशन भोगी के एसएमएस आ ई–मेल के माध्यमे स्थितिक जनतब देल जायत।

———————————————————————————

भारतीय जनता पार्टी एक सितंबर सँ आरंभ भऽ रहल सदस्यता अभियानक अंतर्गत बिहार मे एक करोड़ नव सदस्य बनाओत। राज्यक पूर्व उपमुख्यमंत्री आ पार्टीक वरिष्ठ नेता तारकिशोर प्रसाद जनौलनि जे कटिहार जिला मे पांच लाख सदस्य बनेबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। श्री प्रसाद जनौलनि जे सदस्यता अभियानक अंतर्गत पूरा देश मे सोलह करोड़ सदस्य

बनेबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। ओ जनौलनि जे आगामी विधानसभा चुनाव के लऽकऽ पार्टी पूरा तरहें तैयार अछि।

———————————————————————

भारतीय रिजर्व बैंक– आरबीआई अपन नामक दुरूपयोग सँ जुड़ल धोखाधड़ी एहेन गतिविधि सभक विरूद्ध चेतावनी जारी कयलक अछि। आरबीआई कहलक जे जालसाज विभिन्न हथकंडा अपनबैत अछि जाहि मे फर्जी लेटरहेड आ ई–मेल पता, आरबीआई कर्मचारी सभक रूप धारण करब आ लौटरी जीतब, फंड ट्रांसफर, विदेशी प्रेषण आ सरकारी योजना एहेन काल्पनिक प्रस्तावक संग व्यक्ति सभ के लोभेनाइ सम्मिलित अछि।

———————————————————————

उद्योग विभागक दिस सँ काल्हि सभ जिला मुख्यालय मे विभागीय योजना सभक अंतर्गत स्वीकृत ऋणक वितरणक लेल विशेष शिविरक आयोजन कयल जायत। उद्योग मंत्री नीतीश मिश्रा जनौलनि जे शिविर मे लाभार्थी सभ के स्वरोजगारक लेल ऋण आ अनुदान देल जायत।

———————————————————————

प्रदेश भाजपा अध्यक्ष सह राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री दिलीप जायसवाल के वाई प्लस श्रेणीक सुरक्षा उपलब्ध कराओल गेल अछि। इंटेलिजेंस ब्यूरो आईबीक रिपोर्टक बाद केन्द्रीय गृह मंत्रालयक दिस सँ हुनक सुरक्षा बढ़ाओल गेल अछि।

———————————————————————

राज्य मे बाढ़िक विभिषिका के कम करबाक लेल गंडक, कोसी, बागमती आ महानंदा एहेन पैघ नदी पर बराज बनाओल जायत। पटनाक सूचना भवन मे जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी आइ एकर घोषणा करैत कहलनि जे शीघ्रहिं एहि संबंध मे विस्तृत प्रस्ताव बनाकऽ केन्द्र के पठाओल जायत। ओ कहलनि जे गंडक नदी पर पूर्वी–चंपारण जिलाक अरेराज मे, कोसी नदी पर सुपौल जिलाक डगमारा मे, बागमती नदी पर सीतामढ़ी जिलाक ढेंग मे आ महानंदा नदी पर मसान मे बराज बनाओल जायत। श्री चौधरी कहलनि जे एहि सँ नदीक अतिरिक्त जलक उपयोग सिंचाईक संग–संग पेयजलक रूप मे कयल जायत। ओ जनौलनि जे नव बराज वैकल्पिक जलाशयक रूप मे काज करत।

———————————————————————

मॉनसून के कमजोर होयबाक संगहि प्रदेश मे वर्षाक गतिविधि मे कमी आयल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान प्रदेशक दक्षिण–पश्चिम आ उत्तर–पश्चिमक किछु स्थान पर

हल्का सँ मध्यम स्तरक वर्षा दर्ज कयल गेल। वर्षा कम होयबा सँ लोक सभ के उमस भरल गर्मीक सामना करय पड़ि रहल अछि। मौसम विभाग अगिला तीन दिनक दरमियान राज्यक अधिकतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियसक वृद्धि होयबाक संभावना जतौलक अछि।

————————————————————————————

समाप्त